№ 6027
2






*(Қосықлар ҳәм поэма)*

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1990

84 Кар—7
А-99

**Аяпов Ш.** *Лирика*: қосықлар ҳәм поэма—Нөкис: Қарақалпақстан, 1990. 96 б.

Жас шайыр, Қарақалпақстан Ленин комсомолы сыйлығының лауреаты Шарапатдин Аяповтың қосықлары китап оқыўшыларымызға кеңнен мәлим. Оның топламына соңғы жазған шығармалары менен бирге „Жан ҳалаты“ атлы поэмасыда енгизилип отыр.

„Лирика“—автордың үшинши китабы.

Пикир жазғанлар: Т. Сәрсенбаев,
С. Пиржанов,
Ж. Хошниязов.

№2 6027
2

1991 А | ЎзССЖ ДК 1925

Ю

А $\frac{4803270202-184}{М-357\ (04)-90}$ 59—90

ISBN 5-8272-0798-5

©„Қарақалпақстан“ баспасы 1990

# КЕШЕ ҲӘМ БҮГИН ТУЎЫЛҒАН ОЙЛАР

(*дүркин*)

* * *

Қуяшым күлпырып телмирген,
Шәпәәт—нурыңсыз мен киммен?
Аяз ба?
Әптап па тынымсыз,
Өмирден өзимди излеймен.
Қәсийетли топырақ—бир уўыс,
Ҳәсиретиң сезбесем—
Бир қуўыс,
Геўдемен,
Ҳаятым өзиңсиз,
Не кешер Ўатансыз өмирден.
Рәң-бәрең айқулақ айбатлым,
Бир тамшы,
бир жутым,
бир қултым,
Шалқыған шағалам—ушан суў,
Не қайыр,
Әмиўсиз өмирден.
Күн—қуяш түнерер,
Күлимлер,
Аяўлы жер—ана улым дер,
Дәрьяның-теңиздиң сазасы,
Өзиңнен өзиңди изле дер.
Ҳикмет көп бул гәпте—
билгенге,
Кеше де,
бүгин де,

ертеӊ де,
Сабақлас талайы талайдыӊ,
Өзимнен таба алсам өзимди.

* * *

Уйқымды қыймайман,
Тур дейди анам,
—Науқан болар ма единӊ,
Әй, ессиз балам...
Бойымды ғәплет бир зил тартқан,
Қалайда уйқы емес
уйықлайман.
Уйқымды қыймайман тур дейди анам,
Қайталар таӊ сәҳәр,
Ҳәр сапар:
—Науқан болар ма единӊ,
Әй ессиз балам...
Ал, өзи қыйналар—
Уйқысызлықтан.

* * *

Түнги гүбелектей умтылған отқа,
Өзиӊди бунша көп урасаӊ топка,
Аспаныў-пәлекке шығып кетерсеӊ,
Мәгәр топман пилтесине от басса.
Зәрре жаным қалмас,
Өзиӊди көрип,
Ескертпесем болмас,
Еситип-билип,
Аспаныў-пәлекке шыққанда,
Ғошшым,
Кетип жүрме бизди тағы майырып.
Деп күлип мысқыллап, тымсаллап келип,
Ақыл айтқан болды, ол нәсият берип.

Бундайлар кәдирли топка бас сукса,
Жиберер ме деймен бәрин күнпаякүн қып.

* * *

Кеше ҳәм бүгин туўылған ойлар,
ўаты-ўақты,
Бирин-бири қайшылап турар.
2 х 2=?
Нақ шешими кәне—
Кимниң кеўлине сыяр?

Өтмиш деп қарадық кешегимизге,
Ҳәм бүгинниң тәрк етерин билсекте,
Көзди жумып тарса қаттық,
Келешек—
Бизди умытпайды дейип өмирде.

Жүрдик несийеге, турмадық нақка,
Ақ қараға,
Қара айланды аққа,
Көрип көрмес,
Билип-билмес, зибансыз,
Ҳақ гәпти жүзге емес айттық қулаққа.

Елди еңсесине көтерген ерлер,
„Халық душпаны" атанып аўдарылды жер,
Умытпайды ҳасла келешек әўлад—
Кешениң бүгиннен парқын билсе егер.

Сызықлар жүргиздик,
Оңнан ҳәм солдан,
Қытай дийўалларын,
Қойдық жаңадан.
Сөйтип ҳайўанатлар бағына түстик,
Енди шығып кетиў мүшкил бул тордан.

Көздиң отын ишимизге жутқанбыз,
Еки бирдей дәрьямызды қуртқанбыз.
Аралдың орнына пахта өсирип,
Неге кепин оранбаймыз мутқа биз.

Кеше ҳәм бүгин туўылған ойлар,
Бирин-бири усылай қайшылап барар,
2x2=?
Дәл шешими кимиин кеўлине сыяр?

## ШЕГЕ

*Үмбетбай Сайтовқа*

### 1

Дәрўазасы тас қамал қулып урылған,
Қалалы үйдиң
түймесин басып турман,
Әўпиллеп кеп ийт үрди ишкериден,
Электр қоңыраўы шыңғырлаўдан.

Баў бағшалы,
шарбақлы, қойқоралы,
Шеге аўылға барғанда ҳәр сапары,
Қайсы есиктиң алдында иркилсем де,
Жуўырып шығар дәслеп балалары.

### 2

Қыялдай кең далаға қәдем қойсам,
Қуўрай қуўнақ, ал селеў турар ойшаң,
Белис-белис қырлардан ийек артып,
Жупар ийис аңқытып шығар жуўсан.

Жоталы таў биздеги, Қара бир таў,
Өзи дара, өзи шың, өзи оқшаў,

Барағойсам жол түсип күтип алар,
Мәрмар тасын тасыған машиналар.

### 3

Дәрья деген қудирет асаў еди,
Жуп жағасы үйирген шашаў елди,
Қалайғана көз жазып қалып қойдым,
Ингенинен адасқан бота киби.

Қашанда бул дүньяның бири кемис,
Қыласынды қыламыз өкинемиз,
Ойсызлықтың түбиндей тасырайған,
Баяғы көк аспандай ушан теңиз.

*1987-ж.*

* * *

Дәрья-дәрья сағым.
Белис-белис қум.
Мүшкил көз ашпағым,
Шағыраяр күн.

Бет алдым теңизге,
Бүгин неге мен.
„Жүрген дәрья"—дейди,
Дәрья емеспен?

* * *

Қара суўық,
ызғырық боран,
Аш қасқырдай
Гезер даланы,
Ат жылаўын ойға тартаман.

Сәл ықтырма,
дәрья ултаны,
Қарауытқан бүклер,
торанғыл,
Жабайы үн шығарып бозлар,
Астымдағы атым торы айғыр,
Оқыранып,
киснеп қояр...

* * *

Суўат еди бул жасқа бурын,
Үки ойғанбыз сүйменлеп музын,
Пада малды,
Жылқы үйирин
Суўғарғанбыз талай мәртебе.
Жылыў еди ортасы муздың,
Парқы жоқтай,
Аяз суўықтың,
Ҳәм жүзгенин торалағаздың,
Көрген едик талай мәртебе.
Үки оймақшы болып мен тағы,
Аппақ музға урдым балтаны,
Ларс етип муз түсти ойылып,
Кеўип қалған дәрья ултаны,
Қәйткенде де туңғыш мәртебе.

* * *

Ҳәр дем өмир гүли болмағы лазым,
Лазым ныш урмағы пикир гияның,
Түсиник сунқары болмасын жазым,
Онсыз да—
Жетпесини көпдур дүньяның.
Жулдызлы түн бауырын қанжардай тилип,
Лаўлап жанған жалын кимди шақырар?

Пәрўана талпынар отқа,
не билип?
Мақлуқ жарғанаттың қандай парқы бар?
От ысырыў сумлық!
Өз қолың турып,
Кисиге қараған күнниң азабы,
Өтер,
Мөмин ийттей желип-жуўырып,
Қашан тарқағанша тәғдир базары.
Топырақты қанға қарып таплаған,
Тапланған полаттың қуны артықмаш,
Як, дүнья жуўап күтер бүгин,
Шайырдан—
Түсиник жәҳилликтен болар ма қалыс?

## НЕЛЕРДИ ОЙЛАДЫҢ ЎАТАН ДЕГЕНДЕ

*Мақсет Нурымбетовқа*

I

Ақырлап қалған еди жаўынлы Гүз де,
Сен кеткенде ярым ақшам еди Нөкисте,
Нелерди ойладың иним, Мақсет?

Суўдай сапырылған топырақ арасында,
Шалқып жанған аспан астында,
Нелерди ойладың иним, Мақсет?

Мектеп партасынан отырдың БТР дың
кабинасына,
Футбол майданынан—саўаш майданына,
Ақылға сыяр ма иним, Мақсет—
Нелерди ойладың Ўатан дегенде?!

## II

Еки жылды бир ийиннен атқарып қайттың
иним.
Шығарып салыўға шыққаным есимде күни
кешегидей,
Еки жыл әўел еле аўзынан сарысы кетпеген,
Нәресте един.
Қалайғана көзи қыяр адам адамды...
Әкең бул өмирде ойламаған,
Анаң оны түўе түсинде де көрмеген,
Мен-со қыялыма келтирипбен бе?
Сағыйрадай көзлеримиз жаўтаңлап,
Турдық күшимиз жетпеди көз жасымызға
күшимиз жетпеди саған бир нәрсе айтыўға.
Енди ойласам:
Ҳәр биримизге тәселле берип,
жүзимизден сүйдиң,
туўысқан генже қарындасың
ҳәм төрт қыз апаң алма гезек баўырларына
басты,
Ата-анадан жалғыз емеслигиңе көзиң
жеткен болса керек.
Бирден ержетип кеттиң сол сәтте.
Нөкис вокзалынан поезд қозғалды.
Жүреклерде муз қалды,
Ярым ақшам еди, шожды аламан.
„Ай барып аман қайт қулыным!!!“
Шығысқа бет алдыңыз.
Хатлар келди соң ўақты-ўақты
Аўғанстаннан,
Сол күннен баслап,
ата-анаң не ойлады,
не түнлерди таңға улады.
Айта алмайман, иним.
Еле аўзынан сарысы кетпеген нәресте един,

Қалайғана көзи қыяр адам адамды...
Гейде ғамгүн отырасаң ойларға талып,
Үнсиз яд етерсең досларыңды—
қураллас...
Қан аралас,
көз жас аралас,
Атадан алтаў туўылып,
Ўатаныңа жалғыз қайттың, иним.

*1987-жыл, ноябрь.*

## ТҮСИНИЎ

Айырмаймыз гейде,
Майда-ирини,
Салы өскен жердиң—
Болар шигини.
Далбай қағып,
Жар саламыз халайық,
Аштан қалсақтағы,
Көштен қалмайық,
Несийбеси дедик,
Ығбалы жеңип.
Биразды,
Төбеге көтердик келип.
Бирин тахтқа,
Қырқын атқа мингизип,
Дәўир-дәўран дейип,
Дәстүр енгизип,
Тойларда,
мейлис-мерекелерде,
Ықлас-қалыс,
Хызмет етпедик кимге?
Пейилиң кең халқым,
Кеўилиң таза,
Бирақ қалар екен ол,

Атым насыбайдан да,
Сөз дағы демеңлер бул,
Айтыла салған,
Қол емес
кеўил қабартқанның,
Қайбири оңған?!

## ТӘНИМЕ УРЫЛҒАН ҚАНЖАРДАЙ

Неге бунның аяқ қолы жоқ?
Өз соқпағы,
Жүрер жолы жоқ,
Себеби ол жаралған дедик,
Ҳамал ушық теңи-тайы жоқ.
Билсек бүгин:
Сөйлер тили жоқ,
Өмирге де қарар мейилсоқ,
Тоба деймиз,
Ҳәтте өзи жоқ.
Себеп дос та,
Душпаны да жоқ.
Анасына сәлемге бармас,
Атасын,
Яқ, зиярат қылмас,
Буйрық күтер,
Буйрық шығарар,
Ессиз зая кеткен ақ қағаз,
Бул бенденің күни қурысын,
Теңдей еткен астарын тысын,
Ядгарлық орнатып қояйық,
Тирилигинде,
Өзи түңилсин!
Байқамайды,
Май питип көзге,
Дәўир-дәўран келгенин өзге,

Азамат халық,
Азамат ерди,
Көтериў кереклигин төбеге,
Жуўмақлайман гәпти көп созбай,
Бирақ бунның соңы—
Не болғай,
Қалшылдап,
Қалтырап тур мине,
Тәниме урылған қанжардай...

* * *

Баяғының гәпи көп,
Баяны көп,
Ҳәрким тыслап өзинше,
Бояды көп,
Аңғысын аңғармастан,
Төте етип,
Тыңғысын тыңламастан,
Өте кетип,
Биреў алды таңбасын,
Ҳәрип етип,
Биреў алды ҳәрибин,
Ғәрип етип.
Қайта айланып келиўге,
Пайыт таппай,
Пайыт тапқаны кетпеди,
Айып тақпай.
Тоз-тоз етип тарийхты,
Жүн түткендей,
Кими қырман шашлады,
Белин бүкпей.
Ким саңлақсыз сақлады,
Сейфинде,
Ким саўғаға сыйлады,
Тиллә-теңге.

Керегесиз, уўыксыз,
Қуў шаңарақ.
Қарый тарийх қулласы,
Қалды саўсап.
Көклемекши боламыз,
Көплеп келип.
Ҳәр әсир, ҳәр дәўирден,
Үлги терип.
Ақ отаў—ақ басқурлы,
Әшәкөйли,
Биз сени тиклемесек,
Ким тиклейди.
Хатқа салған хаткердиң,
Хаты өшпес.
Ҳатамтайдай сақыйдың
Аты өшпес.
Тарийхтың турар екен
Көгин шолып,
Өмири жанған ердиң
Жулдыз болып.
Баяғының гәпи көп,
Баяны көп,
Ҳасыл нусқа сүймейди
Бояўды тек.

* * *

Дабыл қағар—
Информациялар,
Шегиў зыян!

Ҳәттеки түслериңе береди аян,
Инфаркт! Инфаркт!
Шегиў зыян!

Мысқыллап күледи мультик,

Гиябентлик—
Қәстелик!

...Тасты тасқа урып тутандыраман,
Гия өнген тасты,
Шылымым зейниме зәҳәр қуяды,
Көз алдым тынады.

Ҳалдан тайып отыраман,
Тутанған тасқа.
Илаж табарман ба жанбасқа?

* * *

Үйрекке бир пул еди,
Топан суў басса да дүньяны.
Ол күнлер өтти.
Тобығымнан аспас дер едим дәрьяны,
Қалай жатқан болсам солай турып жүрдим,
Ол күнлер де өтти.
Бир куним бир күниме усамаслығын,
Соңлаў аңғардым.

... Мүшкил айқаспағы кирпиклеримниң,
Үйреклер уялар көзим уясын,
Бир уммандур пикир бойламас,
Сумлығыма таяў бойламас еди,
Мәжбүрмен жүзиўге түнниң дәрьясын.
Күнниң-ғо батыўын тилемесем де,
Тәўбе етип тилейин
Мен енди иним —
Таңның атыўын...

## ТИЛЕК

Бахтияр ҳәр демиң, ҳәр бир қәдемиң,
Гүл ашар Абадан әрманың сениң,

Гия—Көкти, Жерди—Қуяш сағынсын,
Тотыя татыўлық тилегим мениң.

Халқым қарапайым, адыр қарақалпақ,
Туўысқанлық жан сезимин ардақлап,
Уўыз сүтин берип, бесигиң шайқап,
Дер: қатарға қосылды тирегим мениң.

Ақ терек, тоғай тал аралас өскен,
Таласып бир салма суўыны ишкен,
Бул аядай жер әзиз Ўатандур билсең,
Бөлшекленбес пүтин жүрегим мениң.

Өмир саған, Сен өмирге шөллеген,
Кеўлиң Айқулақтай дөнсин рәңбәрең,
Ығбал атың озсын мудам мәрреден,
Айтсам ада болмас тилегим мениң.

Жыллы сөзге жулдыз ерип мәс болар,
Ай да ашық-машықларға ес болар,
Көкти сүйиў жақсы нийет ис болар,
Көпти сүйиў—дослық, тилегим мениң,

Дәртим бисяр, баян әйлер гәпим көп,
Сап жүректе сап муҳаббет болсын тек,
Жаның алсын жалғыз гөззал Күним деп,
Әлқысса, әдиўли тилегим мениң.

*август, 1989-ж.*

* * *

Өмирден,
Өмирдиң өзинен туўылған саўалларға,
Жуўап излейсең достым, Азат.
Бесик жасап қалады қурдас,
Ойшаң шығып кеттиң жумысқа.

Сәҳәрде ҳаўаның айнығаны нес?

Шаңкай түсте қайтасаң шайға,
Бесик шайқап күтеди қурдас,
Айланады—
Кесеңде шәмбе,
„Бүгин-ертең қонақ келер ме?“

Өмирден,
Өмирдиң өзинен туўылған саўалларға,
Жуўап излейсең достым, Азат.
Ойшаң атланасаң жумысқа.
Тал түсте ҳәўаның айнығаны нес?

Иңирде,
Ораласаң үйиңе,
Төрт көз түўел дәстурхан дөгерегинде,
Күлдиргиши
Күлиўге қайым,
Аласаң да жигербентиңди,
Жырлап отырасаң „Түлкишекти“,
Сергек тартар кеўил сарайың,

Достым, Азат, егер мен билсем,
Өмирден,
Өмирдиң өзинен,
Көз жарады мың-сан саўаллар,
Ал, жуўабы табылмас бирден,
Ойшаң өмир сүриўден артық,
Жоқпа дедим дүньяда бахыт.
Бесик шайқап мүлгийди қурдас.

* * *

Баян еттиң бәрин бир бастан,
Бастан айтып бердиң барлығын,



1991 А | ЎзССЖ ДК 1425

Жанып кеттим дедиң де ҳақтан,
Бийкарладың ҳақтың барлығын.

Қайта бастан кимгедур тағы,
Тағы бастан баян әйлерсең...
Басы емес,
тек те аяғы менен жүрген,
Саған не дермен?!

* * *

Бир дем туталмадым, билекгенеңнен,
Талпындым нур излеп түнеклериңнен,
Уттым я уттырдым, егленген менен,
Пурсат, мен өзиме түсинбей қалдым.

Наҳақ гиналадым кимдидур базан,
Бәлким бәҳәрини әйледим қазан,
Ҳалым нешик кешип, не болар жазам,
Тәнҳә мен өзиме түсинбей қалдым.

## АҚ ҚАҒАЗ

*Марҳум, журналист Қудайберген аға Алламбергеновтың естелигине.*

Бир сырғыўы болады қыранның да,
Бир шайқалар пайты бар шынардың да,
Бир жапырақ ақ қағаз шығардың да,
Услаттың-аў қулшынған қулыныңа.

Шуғла, деген Қуяштың сыңары-ғой,
Еркелетип турады, бир если ой,
Бала нәрсе не билсин? Нәресте-ғой,
Ҳәр қәдеми жарасық бир уллы той.

Өмирди сен жырладың, өмир сени,
Жалықпастан тыңлады. Ким биледи,—
Қашан кимниң өлерин, соңғы деми,
Ақ қағазға нелерди жазбақшы еди..ң.

Ўа, дариғ, сол кеткеннен оралмадың,
Оралсаң да, есиңе келеалмадың,
Қулыныңа қалдырған ақ қағазың,
Түсин жойтпай турарын көреалмадың?!

*Февраль, 1988-ж.*

## ГҮМАН

Кеўил қусын урып жыққан найзағай.
Гүман,
сеннен бир қудайым сақлағай.
Жанын емес,
Жан сезимин талайдың—
Баўызладың
Қан шығармай—пахтадай.

Гүман деген мезгил билмес „бес қонақ“,
Тис-тырнағыңа шекем алады жаўлап,
Ол бар жерде,
Бирлик суўы тартылып,
Исенимниң гүли солар ғумшалап.

Достан—гүман,
О, қудайым көрсетпе,
Таңғы шықтан мәлҳәм алар көк шөп те.
Өмир—дәрья дегишине тартса да,
Өрлер қайық
Сүйенген соң ескекке.

Аз ба еди адамзаттың қысмети?
Әдалат деп қанша жәбир шекпеди,

Гуман—сениң нусқаўыңа ергенлер,
Ўа, бенделер,
Елеберин көп пе еди?!

Күни кеше ушыраттым бирисин,
Көптен айырып ҳәм болмас түр-түсин,
Бирақ тақаты жоқ турып бир жерде,
Гәп баслайды сөздиң басып сирисин.

Түр аңлатып,
Ақ көкирек аңқылдақ,
Меҳирбансып,
Суўық жүзи жарқылдап,
„Тири жанға зәрре зәлел етпедим,
Жаныма жат,—дейди.—мениң шуғыл гәп“.

Сөйтип турып,
Сарсылады, бозлайды!
Әлле кимниң жети атасын қозғайды,
Бир көзиңди бир көзиңе душпан деп,
Қызып сөйлегенде баўры музлайды.

Самал еседағы
Хошы болмайды,
Шымшық „шырқ“ етсе жаны қалмайды,
Қоразы шақырса да қоңсысының,
Гуманланар,
„Гуманланбай болмайды“?!

Машын кирсе көшесине набада,
Гуман туўар бул маңлайы қараға,
Кимниң үйине,
Неге келгенин билмей—
Тыншымайды,
Өмири өтер далада.

Дадым жетпес,
Илажым жоқ үгилдим,
Гүманлы бендеден гүлли түңилдим.
Иман-диянаттан журдай журынның—
Қуяштың жағасынан тутқанын көрдим:

„Кимге жағыныўды биледи қуяш,
Кимге қыя бағыўды да биледи қуяш,
Мениң тас төбеме отырып алып,
Көйлеңкем үстинен күледи Қуяш“

## ҮСЕНБАЙ МУҒАЛЛИМ САБАҚ ӨТЕДИ

Кемисиң болса айт бәри питеди,
Қолың сөз жулдызға барып жетеди.
Билмеймен не ойлап отырасыз,—деп
Үсенбай муғаллим сабақ өтеди.

Китапта не барын талап етеди,
Қырық бес минутын санап өтеди,
—Инсан тәбияттан реҳим күтпейди...
Дейип Мичуринше таллап өтеди.

Халықты бүлдирип, жерди бүлдирип.
Не бир қалаларды суўға шүмдирип,
Жайҳун—Сайҳун ағып жатты бийпайда,
Адамның үстинен мың жыллап күлип.

Мине, тәбияттың қәтеси—Арал,
Демек бул қәстелик—Аномалия.
Теңиз суўға зар ма?
Шөллеримиз бар.
Барса абат болар бул еки дәрья.

Ақыл-ой пикириң жетпеген жерге,
Бас қатырма.

Жетер, тек қолыңды соз,
План—нызам бизде,
Қайтыў жоқ изге,
Себеп: тонна-тонна...
Сөз бергенбиз, сөз.

Үсенбай муғаллим сабақ өтеди,
Ҳәр жылдағы ставкасы питеди,
Қуты қашып тәбияттың күн сайын,
Ийтақай баладай меҳир күтеди.

Қарлығаш үйлерге салмайды уя,
Бүгин таңып болмас сарқылған дәрья.
Ушан теңиз аквариумдай киширип,
Ҳәр сабақтың басы экология.

Үсенбай муғаллим сабақ өтеди,
Заманагөй жуўап талап етеди,
Қайта қурып ис планын ҳә демей,
Ҳасла, қайталамас сөзин кешеги.

Айтар: айырсаң да,
Әмиў—Сырынан,
Бул жерлерге өлбар дарымас апат,
Ҳәтте Қызылкум ҳәм Қарақумынан.
Жасаў мүмкин кооператив қум саат.

Үсенбай муғаллим сабақ өтеди...

* * *

Қыршый берди, қыршый берди,
Түкшықпаған маңлайды,
Көшип қоныў қәйткенде де,
Өз-өзинен болмайды.

Әлип дейип хат таныған,
Ҳақ таныған бабамның,
Қанға сиңген туўрылығы қалмайды.
Соннан шығар үш мүшел жыл жасаған,
Мына мени бир қалыс ой,
Бир алыс ой қыйнайды.
Әлип деген аңсатлықта дал болмас,
Жалғыз тилге ҳәрип туттым үш мәрте,
Демек мениң „соқырлығым" таң болмас.

* * *

„Әўелемен", „Түлкишектен",
Басладым яд етпекти.
Қаршадайдан таныдым,
Өмирбекти,
шиңкилдекти,
Еледағы, елеңлер кеўилимде,
Жулдызлы түн,
„Мың бир түн",
түн ертекли.
Таў шыңындай шақырған,
Нақыл-мақал,
талай дәстан,
аңызлар, әпсаналар.
Ақылым уғрас келмес Ҳәжынияз,
Сөйлесем тилге тийек „Әй әлип" бар.

* * *

Көз ашып көргеним таў емес мениң,
Шет-шебирсиз жазықлық емес,
Түпсиз аспан емес,
Көз ашып көргеним,
Қара үйдиң түңлиги,

Әтәшданнан бир нур сығалайды,
Кереге көзли кер жылан,
Шийдиң арасында
Есимде жоқ жылан шаққаны,
Анамның қайсы бармағын.
Жалма-жан
Жылан шаққан бармағын,
Гүзе толы қатыққа басқан.
Мен сонда қундақта жатқанман.
Бүгин ақлығын шилле суўына шомылдырып,
Еследи бул ўақыяны анам,
Қырқ қасық суў қуйып,
Жаратқанға шүкирлик қылып,
Жыланды услай қойса қысып,
Жаздырмас екен нәрестениң қоллары.
Деп ақлығының пәнжесине салды бармағын...

* * *

Көзим, деп кәпелимде,
Күйди писти,
Сапырылды дүньяның,
Асты-усти.
„ОЗ“ ти таўлап атыр,
Телефонда,
Жаздырмас пышақ салған,
Шаншыў мына.
Ҳә, демей келди врач,
Тез жәрдемнен,
—Ҳеш гәп жоқ, тек көзиңе
Кирпик түскен,
Буныңды алдық, мине,
Еми питти,
Деди де, саў болың деп,
Шығып кетти.
Эҳ, дүнья, кәсте дүнья,

Кимлер сениң,
Дәртиңе шыпа излеп,
Табар емиң?
Терис кирпик жанларды,
Терип таслап,
Ҳеш гәп жоқ, саў болың деп,
Кеўлиң хошлап,
Тез жәрдем көрсетер жан,
Табыла ма?
Эҳ, дүнья, дәртли дүнья
Қәсте дүнья!

* * *

Дусласып қаламыз тағы да,
Тағы да дусласып турамыз,
Қәйтсекте өтпеймиз арыға,
Ары да—
Адасып қаламыз.
Өткелли өмирдиң,
Өткели,
Жылдырым—
Аралық узаққа,
Жан бар ма,
Өзине өкпели,
Налыйды тағдийрден,
Бирақ та.
Қыйнаса қәйтесең,
Сыймаса—
Бул жүрек өзге бир қәлипке.
Сазасын.
Ўа, әўел тыңласа,
Қайрылар едик пе?
Биз неге,—
Қайтпаймыз?
Ол демге қайтыў жоқ,

Жаўдырар,
Жанарың қыймайды,
Дәрт толы қәлбиңде гина жоқ,
Бирақта,
Көз жасың сыймайды.

* * *

Суўлыққа тасланып,
Киснеген аттың,
Ҳалаты сийнеңде,
Сәнем бул ақшам.
Көз айдын,
Ҳаяттың таттың—
Шарабын.
Соң жәмди сындырдың—
Билқастан.
Айыбың жоқ,
Жоқдур гүнайың,
Көзгенеңде,
Балқыйды бахыт,
Қыяқланған қыяғы,
Жәмниң,
Жүрегинди
Тилкимлер айым.

## ҚЫРҒЫЗ ДОСТЫМА

—Ассалаўма әлейкум, достым Базарбай,
Көп ўақ болды жүргениме саған бир хат жазалмай,
Жумыс басты,
Ғалма-ғалы көп-ғой мына дүньяның,
Кимге дәри,

Кимге керек
тис-тырнақлап жыйғанын,
Арғымызда жоқ-ғой сирә,
Қам сүт емген
бендемиз.
Кеўилимиз әл-аспанда,
Ал өзимиз жердемиз.
Ҳаўалаймыз, аспанлаймыз,
Сөйте турып ҳәр күни,

Усламақ боп қуўалаймыз—
Дүнья деген
түлкини.
Алпамыстың
Алп Манастың ар-намысы руўхы.
Бердақ бабам қосықлары,
Тоқтағулдың жыры,

Батырлықты,
Қайсарлықты, қәлбимизге
қуйсада,
Талпынбаймыз,
Қанаты жоқ, қыран қустай
ушпаға...
Бул бир узақ әңгиме-ғой,
Бул бир узақ өмир-ғой,

Айта берсең қунын жойтар,
Қунын жойтса
тегин-ғой,
Қалай достым ҳал-аўҳалың
Көрмегели жыл
өтти,
Кеўил қусы дусласты да—
Досласыўды
үйретти.

Ал, бизди ғой сениң өзиң
Умытқанда
шығарсаң
Хатты алып япырмай ким
Бул өзи деп
турарсаң?
Соң ядыңа түсермен-аў
қарақалпақ улы боп,
(Үй-ишиңде билмейди-ғой
билетуғын өзин
тек,)
Бизиң елдиң мән жайынан
хабарың бар
қалайда,
Соңғы ўақта
Бир тамшы да, суў түспеген
Аралға,
Ақыбети оның бүгин
Жақсы болып атқан
жоқ,
Аралдағы Ыссық көлдей
Бети берман қайт-
қан жоқ.
Қәйтседағы биз Аралды
Аман сақлап қалармыз,
Ысық тәбият—Ыссық-Арал—
Бизиң туўған
Анамыз!

*1986-ж*

* * *

Бүгин ақшам
Жылап шыққан
Қызалағым Айсултан,

Неден шоршып,
Бунша қорқып
Неге ғана жылаған?
Нәрестем-ай,
Шам—ҳәстем-ай,
Жаңа бирге қараған.
Қышқырып көп,
Шалығып көп,
Бунша неге шырлаған?
Кемпир апаң,
Мениң анам,
Бесигиңди тербетер,
Пәйик болып,
Басгенеңде,
Қанатлайды бес бетер.
Сағыйрам-ай,
Тек жыламай,
Қәне бир күл әкеңе,
Олдағы бир,
Қундағы бир,
Тап өзиңдей нәресте.
Султан қызым,
Тулпар қызым
Айдай қызым жылама?
Жылаў ушын,
Келмегенбиз—
Сен де, мен де дүньяға!

* * *

Талыққан атымның жылаўын серіппей,
Қайттым жалғыз соқпақ пенен,
Шаңқай түс.
Бәҳәйбат қуяшты-ҳәм писент етпей,
Диң аспанда торғай шырлайды жалғыз.

Елден ерек қонған төбешик қумлар,
Жәзийрама жазда табадай қызар,
Букшийисип жатар әптап ыссыға.
Тонын терис кийген қарабарақлар.

Ҳәўир жүзди шарпыр, ал бирақ от жоқ,
Көйлеңке қуўрылып ерип баратыр,
Елип еткен самал жоқ, я пәрше булт жоқ,
Талыққан атым да уйықлап киятыр.

Мыс қайнаған меңиреў дала, ыссыда,
Жол қараўлап әлле кимди күткендей,
Ақ шеңгел, жантақтың шығып басына,
Күнге күйреп гүм-гүм отыр бир беткей.

## ДӘЎИР ДЕГИШИ

*(XVIII әсир)*

Арғы бабамыз Жума батыр деген өткен, өзи шешен ғайбар адам екен. Дәўирдиң дегишинде қысқы көрип бир айтқан сөзи еле есимизде,—деп отыратуғын еди әкем.

Қорқақтың күни өтсе, қуны артып,
Батыр кетти, батпан ярым тары қалып,
Ҳақыйқаттың өзи жоқ аты қалып,
Күйди жүрек күйдирги таты қалып.
Қара кийген кеўилде, ел иши де,
Ким шыдайды тәғдирдиң дегишине.

Ким шыдайды тәғдирдиң дегишине,
Түпсиз умман тартады дем ишине,
Тал қармандым, бас кетсе бөрк ишинде,
Ызалы жолбарыстай кек ишимде,

Туўған жерден табаным таяжақ па?
Сум заман дос-душпанды аяжақ па?

Сум заман дос-душпанды аяжақ па,
Я бир тегис зәҳәр-уўын жаяжақпа,
Сөйтип исин питирип нақма-нақҡа,
Дым ғана көрмегендей болажақ па.
Заман-ай қараттың-ғой қырыныңды,
Сә бир зумда қуртпақшысаң туқымымды?

Бир зумда қуртпақшысаң туқымымды,
Майламақшы болдың ба жылымыңды,
Түсиң суўық, ал ишиң ыза-муңлы,
Ата-кәриң сол болса, бурын-соңлы,
Ҳәлеклєнбей иллә деп аўыз жасқап,
Қасарысып үстиме кийдим ысқат...

* * *

Салмадан аққан суў сеннен бийғәрез,
Билмегиң дәркар оның қәдирин-қуның,
Өскен тал, ажырық-гия, алғәрез—
Салмадан бийғәрез ишседе суўын.

* * *

Шарға бойлы басшының сөзин қуплап,
Үй-дәскели болғанлар байлық топлап,
Бүгин журттың жүзине қалай қарар,
Я есигин отырма иштен қулыплап.

Ўай, аўа, олар саған әнейиме,
Тирилер-өлер жерин билмей түўе,
Қашшан-ақ өтип кетти арендаға—
Кооператив жер алып меншигине.

* * *

Саҳибжамал тутқан гүлдей мысалы,
Долы кеўлим бүгин көркем түс алды,

Мың мукамға дөнген қуяштың таңғы,
Қырмызы нурынан қосық туўылар.

Ырғағында айлы әлем кеңлиги,
Қатарында қайтпас ерлер ерлиги,
Ҳәр сөз, ҳәр буўында елдиң бирлиги,
Қәлем тутсам хатқа өзи қуйылар.

Гүзде кеткен қуслар қайта оралып,
Қыс та өтти, ақша қардай аралық,
Қар қойнында жасыл майса көз жарып,
Нәўбәҳәрге, күн көзине ынтығар.

Хош әтир таратып тыныққан ҳаўа,
Дәртли жүреклерге мың да бир даўа,
Наўрыз—қызға, қыз жарасық Наўрызға,
Тәнҳә өзли-өзи сырласпақ болар.

Қас қақпай қарасар қыйылып келип,
Бир-бирине меҳир ықласын берип,
Бәҳәр қызда, қыз бәҳәрде ержетип,
Наўқыран жаслықтың көзине түсер.

Қызлар бунша көркем, көклем уялар,
Дийдарын паналап әсте сығалар,
Қырат, қыр қойнында тасқар ылғалар,
Сүйрик пенен ойнап сыңқ-сыңқ күлисер.

Баяны адақсыз, тәрийпи бисяр,
Сонындай бир қосық онда бәри бар,
Дуўтар сести, ғобыз шалған намалар,
Халқымның кеўлинен шыққандай болар.

* * *

Терезе есиксиз төрт дийўал,
Не мақсетте:

Пискен ғыштан қаланған?
Бирде әлип, бирде кәдди дал,
Адамларға ҳайран қаларман?

* * *

Мөмин билип,
Мөмин деме мөминди,
Ол билмесе,
Артық пенен кеминди,
Өз халқының —
Арына ат шаппаса,
Тартып жесе
Аўзындағы жеминди.

* * *

Огырыс-турысы,
Нағыз патшалық,
Журттың арқасынан,
Сөз бенен қағып,
Сылап-сыйпап жумсар,
Барса келмеске,
Бай ҳәм жарлы дейип,
Айтарсаң нағып?!

* * *

Бийғәрез жасайды
Адамнан адам,
Иргеси иргеңе тийип турса да,
Бийғәрез ой сүйер қызын ҳәм балаң,
Сениң айтқаныңа көнип турса да.

## САЯ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Өз саяң өзиңе түспес, мысалы,
Саяңды салып жүр дегенде сөз бар,

Биразлар саясынан қоркып жасайды,
Саясына бағып жасар биразлар,

* * *

Даўрық—шаўқымлардан талыққан рууҳым,
Жалған—жасықлардан жалыққан руўҳым,
Әмиўдей аңғарын кетеалмас казып,
Алданған, Аралдай барар қулазып.

* * *

Селтең болаберсең,
Сылт еткен сеске,
Қолың суўып
Кеўлиң кулшынбас иске.
Сәл ой жуўырт.
Зейниң илсе егерде,
Тырнақ деген курғыр,
Киршил емеспе?

* * *

Ийнениң көзинен өтип алған жип,
Жаздырмас не болса барлығын дизип,
Ак, я қара сабак,
бул бир түбинде—
Турған жаңа ғана жатқа көз сүзип.

## ӘСИР МЕНЕН ДӘРТЛЕСИЎ

*(дүркин)*

### 1

Бас пүкил—
Тас дәўириниң ҳәсиретлеринен,

Бас сауғалау,
Буншелли мүшкил.
Ҳәр адымда,
ҳәр адымда
Қәуетер бардай,
Қас қағымда,
қас қағымда
Нышанаға алынар маңлай.
Шақырықлар айланды қырғынға,
Сүренлер айланды сүргинге,
Уранлар —
„Урралар“,
Айланды Уранға.
Шек коймақшы болып талай,
Сызық тартсақта,
Исимиз айланды қырынға,
Жигирмаланшы әсир,
Бул қалай?

II

Нандай қәдирлеген адамды,
Он жетинши жыл — әсир ныҳалы,
Нурларыңды сағындым сондай,
Үмитимниң қуяшы
Таңғы.
Таңлайымда анам сүтиндей,
Татығансаң,
Тамсанаман мен,
Қуўаныштан өзиме келмей,
Қәдемиңе ләбим басаман.
Кешир әсир —
Айыбың жоқ мудам, —
Сениң саўлат төккен қәддиңде,
Мәңги тәзим әйлермен,

Адам—
азаг дейип
Қанын төккенге.
Калиймаға келгенде тилим,
Ленин исмин тәкирар етим.
Жигирмаланшы әсир,
Бул сениң—
Кутлы исмиң
Ҳәм қүдиретиң!

### III

Исеним бар еди,
Мәдет еди ол,
Хорезм халкынан нышан көринди,
Дөнген ўақта ашлық—
Нақ жети миллион,
Дослық, Арал дейип хатқа илинди.
Айналып кетейин бирликли журтым,
Мың да бир билекли,
Жумыры еңсем.
Халқым калыс истиң басында турдың,
Мийрим-шәпәәтте—
Қуяшқа теңсең!
Еркиң өз қолыңда қалды аңсаған,
Исеним бийледи ҳәр қәдемиңде,
Мында бир ырзаман,
Халқым,
Бахтына—
Дус еткен тәғдирге уллы Ленинди!
Жетпис жасар—
Атам ҳәм анам.
Ақлык сүйген меҳири менен,
Сени дағы сүйемен,
Ўатан,
Ҳәм жигирмаланшы әсиримди мен!

## IV

Соң басланды аласат-ғаўға,
Жәбдилесиў—
Алды еркинди,
Шек қойылды ҳәтте ойлаўға,
Қанымызға мәңгүрлик сиңди.
„Тәрк етпегиң дәркар диниңди.
Арабша хат қатты қадаған!?
Үгит емес
Ҳөктемлик жүрди,
Қәҳәри—қан
Қылқаўған қанжар,
Хан тутымы,
Көзимиз көрди.
Ақылымыз болды лал,
Ар-сар.
Тилеп алды тек уллылықты,
Сөйтип қәте қылды ол адам,
Сабақ боларма екен, утымлы,
Жигирмаланшы әсир бул саған?!

## V

Гүбелектей жанған отқа урынған,
Инсан қәдир-қунын жоғалтты,
Санақсыз сүренлер,
Шақырық мың сан,—
Нурлы келешекти, қардай боратты.
„Көзи ашық пайғамбар биледи бәрин,
Көкте тәңир—
Жерде Сталин“, дедик,
Көзимиз нан тилер,
Тилде Сталин,
Колхозда дән турып
Атшоқай жедик.

Көл қаңсыйды суў түспесе сағадан,
Бизде қаңсыр едик ашаршылықтан,
Латынша жазыўда өзгерди деди,
Саўат ашып бараткандай ҳәр адам.
Ҳәм урыс басланды
Таба емес, тоба!
Ўатан ушын—
От кешкенбиз жан пидә.
Миллион-миллион қурбанлар руўхы,
Жигирмаланшы әсир

## VI

„Ўатан, сениң муқәддеслигиң,
Аян еди, бир табан жерде,
Қызғалдағың,
Жуўсан, көсигиң,
Таптырмайды дүньяда емге.
Ат шаптырым аўыл арасы,
Әмиў дегиш таслап турады,
Сол аўылдың көзи қарасы,
Мудам қыялымда турады.

Ара алыс қәйтермен енди,
Шегинбекте душпан серпилип,
Хат жазаман сағынып сени,
Күт, жолыма көзиңди тигип.
Ўатаң, сениң исмиң теберик,
Бабалардан қалған мәканым,
Биз жеңемиз,
Жеңемиз дедик,
Ыразы бол туўылған топырағым!"

Миллион-миллион арзыў әрманлар,
Жанды жағып жүректи дағлар,

Сағынышлы бул сәлем хатлар,
Жигирмаланшы әсир.

## VII

Бөлеклерге бөлинген жерди,
Шегаралап,
Қыйды қыйқымлап,
Бир тән, бир жан,
Бир тутас елди,
Ажыраттық тикенек сымлап.
Бас көтерген даракты қырқып,
Бар өмирин әйледик қазан,
Ҳәр биримиз
Оқлаўлы мылтық,
Қатарымыз толды жаңадан.
Саўлат қурып, салтанат қурып.
Тәнҳә өзи болып бийледи,
Миллетлерди сыпырыстырып,
Мәканынан жуда әйледи,
Бахыт сөзин мен енди қалай,
Емин еркин тилге аларман,
Жигирмаланшы әсир—
Япырмай,
Дәртке мәлҳәм қайдан табарман?!

## VIII

Урысты еслемес еди әкем,
Үнсиз жүрер еди—
Ким билсин?
Қыялынан өткерер ҳәр дем,
Баян етпей ишки туйғысын.
Ғамгүн ҳалда жумыстан келсе,
Шаўып шығар едим алдына,
Отырғанда ыңылдап әсте,

Сорағанман коркып, тартына,
Эҳ, сондағы айтып бергени,
Еле көз алдымнан кетпейди,
Сорлы тәғдийрдиң ермеги,
Адам! —
Яқ, ҳеш жан исенбейди.
Үш мүшел жыл өмирим өтти,
Аттай шаўып,
Текте сол елес,
Көз алдымнан ҳеш кетер емес,
Жигирмаланшы әсир!

## IX

Дәрт шағарман
Әсирим саған,
Босағамда
Наўрыз әйям,
Пәк нийетлер
Тилеўден алдын,
Шын жүректен
Күлиўден алдын,
Төгилейин
Айтып барымды,
Егилейин
Айтып зарымды.
О, әсирим,
Мениң ҳаятым,
Тилде сөзим
Жазғанда хатым,
Аз халқымның
Әзиз атындай,
Тәкирарларман —
Исимиңди тынбай.
Қайсы дәўир
Қай дәўирде де,

Инсаният минген
Жер кеме,
Өр толқынды
Айырып келер,
(Ҳәр толқында
Шайылып келер).
Сабыр тақат
Керекдур ҳәр дем.
Абыржыда
Шайқалса бирден.
Ҳәм туўры
Бағыт алғанша,
Тисти тиске
Қойып талғанша,
Шыдам керек
Тынық ой керек,
Дүзиў нийет
Ҳәм мақсет керек.
(Ҳәр нәрсеге,
бир нәрсе себеп),
Жақсылықтан
жақсылық дөреп,
Өшпес мәңги
өмир шырағы,
Қайнаўытлап
өмир булағы.
Кеўиллерге
нур қуйып турар,
Нурлы кеўил
Қуяш-көз жарар—
Әдалаттың
урығы мудам,
Инсанйылық
урығы адам,
Өсип-өнип
Урқан атады,

Мүрийбетли—
шәпәәт бағы,
Көркейеди
сулыў түс алып,
Өмир, деген—
ҳаслы гөззаллық!
Ал, биракта
нур менен сая,
Жолдас емес
десекте мына,
Тиришилик—
мүлки дүньяның
Шатыстырып
бирге болғанын,
Көп көргенбиз,
алысып барар,
Нур, ҳәм сая
қарысып барар.
Еккисиниң
парқын айырмак,
Аттай анық,
ол туўралы гәп,
Қозғаўдың да
өзи бийҳуўда,
Десек дағы
бул, өзи жүдә,
Әлимсақтан
қалған мәселе,
Әттең оның
шешимин еле,
Табыў қайда?
Жол қарастырып,
Тас түнекти
нур менен жығып,
Қудайлардан
от урлап бирдей,

Киятырмыз
Прометейдей.
Әсирлердиң
толқыны таўдай,
Жер кемеге
урылар сондай,
„Тоғызыншы
бал“да,ўа, дарийғ,
Жеңилгенин
билседе анық,
Жалын-отты
өширмекшидей,
Сөйтип исин
питирмекшидей.
Қара сая
ерип келеди,
Жаўызлыққа
ерик береди,
Шыңғыстан
тап Гитлерге шекем,
Бузық нийет еди,
не деген!
Қай әсирде
қай дәўирде де,
Нур ҳәм сая
келмес мәмлеге.

О, әсирим мениң,
жапакеш,
Сениң ақыл—
ойыңа теңлес,
Уллылықты
аларман қайдан?
Өтмишке ҳәм
өзиң гүўасаң.

„Әттен, әттен",
дейип бас шайқап,
Бармақ тислеп
турғанларың „қап",
Қолдан кетти,
дейип өкинип,
Еңсең түсип
нәзериң сынып,
Қалған ўақтың
көп болды-аў сениң,
Иштен жанып,
иштен өртендиң,
Сол ҳалатың
қан жутып турған,
Жүрегимде
мөрленип қалған,
Руўхымды
жегидей жеди,
Маған аян
сыр емес енди,
Арал! Арал!
Тилиме бассам,
Жаным күйер,
ақыл билқастан,
Өз-өзине дузақ қурғаңы,
Өз-өзиниң қасты қурбаны,
Өшип бараткандай
нур-зия,
Әмиўдәрья,
Арал—Сырдәрья,
Жер кемени
қайырға таслап,
Дузлы қумды
көкке қулашлап,
Абыржыўға
түскен ана-жер,

Шашып атқан
яңлы түйилер.
О, әсирим,
мениң тәшўишли,
Өмиримниң
сен Чернобыли,
Күйер жаным,
қалмас тақатым,
Ҳәр бир демим,
ҳәр бир саатым,
Есаплаўлы
өшип бараман,
Умит! Умит!
Өшик санадан—
Қалайғана
күтейин айтшы?
О, әсирим,
жигирмаланшы!

О, әсирим,
мениң ялымда,
Жер қозғалған
күнги Армения,
Өрре турды
дүнья аяққа,
Қурбан бердик,
қанша, бирақта...
Тәбиятқа—
кимниң дады бар,
Меҳ[illegible]-шафқат—
[illegible]зылар қоллар,
Аўыр дәртти,
ҳәсирет [illegible]ғыны,
Миллион жүрек
бөлисип турды,
Қыйрап қалған

тас арасында,
Қус қанаты
яңлы ашыла,
Парақланып
„сексен тоғыз“ дың,
Календары
жатар еди. Муң—
Жутты қәлбим—
әрман, не деген?!
Қарыздармыз
„сексен сегиз“ ден.
О, әсирим
жигирмаланшы,
Қайғы-ҳәсирет,
қысметиң ашшы!

Бүгин мине,
Наўрызы әйям.
О, әсирим,
сениң гүл-гиян,
Өнип шыққан
қырларда гөззал,
Түс алыпты,
бүртик жарған іал,
Нәўбәҳәрдиң
самалы менен,
Шайқалады
сулыў ҳәм көркем,
Қуслар еркин
көкте шарқ урар,
Қуяш қыздай
жымыйып турар.
Таң сәҳәрден
басланған сейил,
Даўам етер
ертеңге дейин,

Наўрыз гөже
                ең баслы тағам,
Дәм татысаң—
                мыңда бир даўаң,
Ҳәм нийет ет,
                жақсы күнлерди,
Қуяш күлген
                жақты күнлерди,
Ана жердиң
            аманлығына,
О, әсирим,
            болагөр гүўа!

## АЛЫС КЕТТИМ

*(дүркин)*

* * *

Дөңис-дөңис алап,
Шалқар-шалқар көк,
Аспанның астына қалай жайғасар?
Қулдыраған кишкене өзек,
Сыңқ-сыңқ күлип қушағын ашар.

Тутас бултлар көшеди көкте,
Гә селлетип, гә силпи таслап,
Ынтығады жыс тоғай ҳәтте,
Ашық нурлы күнлерди қумсап.

Шөлиркеген шырша кеўлимде,
Күлер өз үлкемниң дийдары,
Табылмайды жуўсан бул жерде,
Бирақ, хош ийиси тутар ҳаўаны.

## ТҮНГИ ПОЕЗД

Көзиң талып кетер,
Жаўып китапты,
Көпшиктиң астына ысырып қойдың.
Саатқа қарайсаң,
Еле түн жарпы,
Бийтақат жолаўшысы түнги поездың.

Купениң есигин әсте қаўсырып,
Темеки тутасаң тамбурға шығып.
Тас түнек айнаға үңилип,
Бийтақат турасаң ойларға шүмип.
Я, хошласып шықтың,
я күтер диййдар,
Я сағыныш,
я айралық дағы бар—
Жүрегиңде жол азабы тағы бар.
Бийтақат жолаўшысы түнги поездың.
Таң ата, я кешке мәнзил күтеди.
Белгиленген жерге поезд жетеди.
Ҳақ жол тиле,
өзиң түсип кетерде,
Бийтақат жолаўшысы түнги поездың.
Қос рельс—дуўтардағы жуп тардай,
Поезд барар,
Ойын түскен дилбардай,
Өмир—мәнзил ҳасла жалықтырмасын,
Көзиң талып кетип жапқан китаптай.
Бийтақат дүньяны,
Түнди бийтақат,
Қәне енди бир қыялыңа келтирсең?
Ҳәмде өмир-өмиринше адамзат,
Пикириң шығып кетсин қос рельстен.

## ГҮЗ. КАУНАС. ЧЮРЛЁНИС

### I

Көгис думан
Нуў қарағай ормандай,
Сылт етпейди
Жан шоршырлық,
Ҳәсирет қайғы турғандай.

Жас сүўретши бояўын жайып салды,
Таң қуйылып келеди күн шығыстан,
Өмир сениң турқыңды қубылмалы,
Өширежақ бир күш бар,
қасарысқан,

Жүрегимди жаралар көрген сайын,
Жасыл рең дөнеди қызғылт сары,
Сесгенеңди мен қалай умытайын,
Сес бояў—
Ал, рәң-бәрең сестиң бәрин.

### II

...Нуў тоғайда адасып,
соң табысқан,
Муң—әрманлы жанлардан
әзел бастан,
Қаланы нөсер жаўын қушадыкеп,
Нөсер жаўын қаланың қушағы тек.
Жер көктиң қуўанышын, қайғы-дәртин,

---

М. К. Чюрлёнис—(1875—1911-жж). Литва халқының художниги ҳәм композиторы.

Көңиллерге жайлаў ушын,
Саз шалып, нама шалып тəбият тур.

### III

Думан—реңлерди бүркей алмайды,
Жаўын—сеслерди жуўып кете алмайды,
Ҳақыйқатлық.

* * *

Сағымдай жылға жылжып,
Енди көкке,
Тоғай өрип барады,
Көкжийекке.
Кең жазық мөлдиреп тур,
Жаўын жуўған,
Булт көшер,
Гүўлеп самал—
Есер қырдан.

* * *

Қандай зəўлим көк сарай,
Тамашалап асықпай,
Киятырсам қус ушты,
Бирақ сылт етпес тоғай.

* * *

Достым мен сағынған топырақ,
Ат туяғы қазған далада,
Уўысыма енди,
Алшақ емес тəғдийримиз,
Ҳəтте ортақ ығбал-бахтымыз,

Аўыз ашпадым,
Саўалларың,
Адаксыз,
Қалды жуўапсыз.
Шаппақ жоқ қылышты қумға,
Ол болар нәмәртлик
Кеўлиң күсер сениң де мәртлик,
Ўа, достым мен сағынған топырақ,
Ат туяғы қазған далада,
Енер руўҳыма.

* * *

Жүректи қыйнайды айралық тағы,
Мәлҳем таўалмайды аралықтағы,
Сезимниң сарғайған бағлары—
Айралық,
айралық,
айралық тағы.
Қанатың талдыма ушқан қус?
Ақ көбик дәрьяны жутып дүз.
Теңиздиң ултанын қушып дуз,
Қанатың талды ма ушқан қус.
Қалдың сен қайларда,
қалдың сен,
Адасып,
асылып көзиңнен,
Қәлбимниң сазасы жетпеген,
Сазайы,
Айралық не деген?!
Пәрўазы тәрк етип ҳаўаны,
Қайраўда жалғыз газ қалады,
Сыңсыған сестине қус жолы,
Қус жолы егитилип барады.

Бәҳәрим аўысып қыс таман,
Көз жарған бүртиклер музлаған,
Әлқызыл гүллерди баўырыққан,
Баўырыққан көксиме басарман.
Тәғдийрдиң дегени артықмаш,
Я сени,
я мени тыңламас.
Өртенип өртеди әлемди,
Бул әлем ақ сийне қарлығаш.
Тағы, тағы, тағы,
Айралық тағы,
Сағыйра жүректи дағлады,
Сен келип жеткенше,
Сағыныш,
Сарғаяр сезимниң бағлары.

* * *

Ессиз,
Түслериме енесең,
Нәўше қәддиң елеге шекем,
Ўақыт ҳүкимини билмеген,
Айдай телмиресең,
ләм-лим деместен.
Қыйыласаң,
қыймайсаң сәнем,
Сөйтип мени қыйнайсаң, сәнем,
(Илаҳида ләззетли бул дем),
Умытаман өзимди-өзим.
Бирақ мени,
умытпайсаң сен,
Ҳәр мәҳәл түн.
Келерсең,
Әттең,
Ҳәм кетерсең ләм-лим деместен,
Түслериме аян берсеңде,

Жырақтасаң,
әзизим мениң.
Күлип күтип алайын десем,
Жалқы айралық,
Екеўимизге тең.
Илажсызбыз,
Қайтпайды изге,
Жыллар,
Жаңсақ басылған қәдем,
Бүгин тағы сол ҳалат,
Сол дем.
Жүрек биййҳуш,
Кеўиллер биййҳал,
Мәўрит--Өмир телмирер,
Мәйус—
Ләблер кәлиймаға келмей қалар лал.
Жаным жағып,
Жаным күсеген,
Жанарында меҳирме десем,
Булт жасырған айдай,
Ўа, дарийғ—
Ғамгүнгинам,
Көз жас төгерсең.
Базан түслериме енсең сен...

* * *

Көзлер дусласып қалғаннан берли,
Пикир, бир ғәлетий—
пикир қыйнап келеди,
Мени қашан,
қайда ушыраттың?
Сени қашан,
қайда ушыраттым?
Қалған күнде
жоқпыз екеўимиз,

Бирақ кеўилде
еримекте муз.
Тәнимизди қақсатып келген,
Сол музды
Сениң ықласың,
Көз қарасың еритти билсем,
Мениң ықласым
көз қарасым еритти билсең.
Енди тәнимизди қақсатады,
Дусласқан көзлердиң ҳалаты.

* * *

Алыс кеттим,
Узақ сапардан—
Хат күтерсең, сәлем күтерсең,
Сен анасаң, опалы ярсаң,
Иләҳида ҳақтан тилеген.

Хат кешеўлеп сәлем кешигер,
Айтып болмас,
Ким билсин нелер?
Қыялыңа
Түсиңе енер,
Хат кешеўлеп, сәлем кешигер.

Тыр-тым,
Үн жоқ,
Диңкеси қурғыр,
Пышық киби телефон мызғыр,
Балаларды алдарқатасаң,
Кәйненеңе алдырмассаң сыр.

„Мени ки нес?
Бунша кәўетер“.
Дейип бир ой тәселле берер,

Сабыр сақлап өтеди күнлер,
Тақат етип жетеди күнлер.

„Бир қыяда,
Иси мыңсандур,
Кәспи-кәри талабы солдур,
Кишкенесин сағынған ҳәмдур".
...Кеўилиңе қуйылады нур.

Алыс кеттим,
Узақ сапардан,
Хат кешеўлеп, сәлем кешигер,
Сен анасаң опалы ярсаң.
Түслериңе енеди нелер?...

* * *

Терезеден қарайман тысқа,
Борасын қар,
Жарасық қысқа,
Руўҳымда әптаб,
Саратан,
Ғәлетий ҳал,
Бәлким дым қысқа.
Жылт еткен ой жанымды жағып,
Жисмим өрттей,
барар тутанып.
Көзлериме аяз тығылар,
Терезем тур,
Суўық қурсанып.

* * *

Аппақ қар ушып тур ма,
Түсип тур ма,
Уйтқып кеп есер даўыл,
Есер мына—
Минези тәбиятты усап кетер,

Баяғы минезиме мениң бала.
Ядыма түссе гейде қысынарман,
(Бирақта ол әдетим қашшан қалған),
Қарлы қыс,
Қандай ғана тамаша едиң,
Қар ҳәм дауыл,
Тынбастан ойын қурған.
Аппақ қар ушып тур ма,
Түсип тур ма...

* * *

Ушқынланған аппақ қар,
Түспес жерге,
Гезер самал,
Қарлы аяз көшелерде,
Өрли-қырлы асығыс жолаўшылар,
Сә-сер салып қарамас бир-бирине,
Қалай ғана көз ашыў мүмкин мына,
Б́орасынлы,
Ақ қыстың қылығына,
Үргин борап—
Үреди қумшаўыт қар,
Бетти жалап қол салып мойныңа,
Бийгана қыс қылығы,
Таңдур маған,
Бул журт өзи көнликкен,
Бәри аян.
Дирилдеп кеп турады-аў—
Бир сулыўдың,
Ақ көйлеги сыяқлы қарлы боран.

* * *

Үш күн,
Үш түн қар жаўды үргин үрип,

Дуньяны таслай жақтай қарға көмип,
Аяз қарпып булағай турдыма де,
Жүриў мүшкил,
Көшеде жолды көрип.
Машқаласы онсыз да бастан асқан.
(Қала—деген машқала толып атқан,
Бир қонағын шығарса,
Мыңы келер,
Тамашалап қаланы өрден-ықтан).
Қатарласып
Дизилип көшелерде,
Қар машина тынбастан қар гүреўде,
Биздеги пахта териў мәўсиминдей,
Тик аяқтан турғызған гүллән елди.
Үш күннен соң.
Қар тынды, тынды үргин,
Бултта көшти,
Тәрк етип барлық жүгин,
Тыныш ғана сылт етпей мүлгип атыр,
Тойынған ақ айыўдай қала бүгин.

* * *

Самал ҳәм қар,
Қар ҳәм самал,
Қала иши уйтқып турар,
Суўық демли борасын қыс,
Ат шанада желип барар,
Тереклердиң шақасында,
Қабат-қабат жай басында,
Аппақ қар тур сызатланып,
Ҳәм өримде, ҳәм ығымда.
Текшелерде, соқпақларда;
Гүрлеген гүзар жолларда,
Қуйылар қар уйытқып келип,
Қолтығыңа, қонышыңа.

Зәўлим қала.
Көше бығ-жығ,
Тәбияты жүдә қызық,
Үргин менен ойнар тынбай,
Бир қосыўыс,
Бир топ шымшық.

* * *

Дәрт екенин уйқысызлықтың,
Кәстелик деп уқтың ба кеўлим!
Жалғыз турсаң,
Сонша ўақ мине,
Бүгин тағы таң ала геўгим.
Узақ түнге төтепки берип,
Жулдыз турар жымыңлап келип,
Мәңги сүйген руўх ҳәм жанның,
Нышанындай
азатлық—ерик.

## ҚУС ЖОЛЫ

Көз тигемен,
сыр-жумбақ
қус жолына,
Ар-сар болар,
таң болар,
кеўил мына,
Гейде,
алып ушады,
шарықлайды,
Әжайып нур,
мөлдирер,
ағыс яңлы,

Қандай ғана
тамаша
нур дәрьясы,
Аппақ нурдан
дөреген
инсан ҳаслы!

* * *

Неге мениң
ақылым
болмас ҳайран,
Қашан сенде
қус ушқан
тартып кәрўан?
Қай дәўирде,
Ай жатып,
жулдыз батқан,
Қай жылы,
қайсы күни
қайсы ақшам?
Әлемди—
түн қаплаған
муң қаплаған,
Тас түнек—
зым-зия нур,
өшип қалған,
Ўа, сонда
шыр-пыр болып
Қақнус қус,
Өртенип
ушқан демде
жанған жулдыз,
Сол бир сорлы,
қара күн
болмасын деп,

Түн-түңлигин
турады
жулдыз безеп.
Өзине
өз бийлиги
жетпес заман,
Пикирим,
ой-қыялым,
бол рәўшан,
Қус жолы,
алтын камар
ҳасыл гәўҳар,
Белге буўсам
руўҳымды
демеп турар.
Талғанда
мәдет болар
қуўат болар,
Жулдызым,
адассам жол
силтеп турар,
Деп адамзат,
атланар,
мақсетине,
Жақсы нийет
мәртлик ис,
ийгиликке.

* * *

Шыңға шығыў
күдирет
қайда бирден?
Қанша жулдыз —
етеклеп
ерип жүрген,

Көз илместен
турады-аў
жанып ғана,
Бәриниң де,
әрманы
қус жолы ма?
Саз шалады
мың ырғақ
мың муқамлы,
Жулдыз туўды—
кимниңдур
жанды ығбалы,
Базда жулдыз—
жылысса,
сарқып келип,
Кәўетерли,
қәўипли
сыйқын көрип,
Зардаплы—
салмақлы
ой басады,
Қалардай тап
қапылып
қурып бәри,
Бирин-бири,
мүйизлеп
сүзип атқан,
Парқы жоқтай
жердеги
адамзаттан.

* * *

Сан-мың жулдыз,
сан-мың жыл
жанып турған,

Япырмай—
қалай шыңға
барып қонған.
Бири бирден—
лип етип
өшип қалар,
Жүрекке,
әлле қандай
өксик салар.
Бири тамып
кетеди
бири ағып,
Руўҳымды
күйдирип,
жаным жағып,
Сырлы жумбақ
шешимин
таппай турсам,
Айжарылқап
Ай туўды
қыялланған.
Тағы қыял
бөлинди,
ой тербеди,
Жүзиме
урылғандай
Айдың леби,
Дийдары
дирилдейди
күлимлейди,
„Умыттың
дегендей-ақ
неге мени?"
Бир сәнем
сыбырлаған
жүрегиме,

Қус жолы
гууўа еди
сол бир демге.
Өтипти,
соннан берли
бәҳәр ҳәм жаз,
Қайларда
қалды екен
ол сәрўиназ?!

* * *

Жети қат—
айлы әлемде
саўлат қурған,
Қус жолы—
мәңгилик ол
парлап турған,
Жулдызды,
жулдызларға
дусластырған,
Ҳақыйқат,
ҳадаллық ол—
жанып турған,
Тәрезисин
теңгерип
әдалат деп.
Ҳәр бир жулдыз
шашады
шәпәәт тек.

* * *

Талай сапар
сырластық
ал бирақ та,

Өмир өзи
толы-ғой
сыр-жумбаққа,
Туңғыш мәрте
көргендей
бүгин сени,
Егитилип,
егилип
турман мине,
Ҳәр мәўритте
тартасаң
сәўбетиңе,
Әне жулдыз
туўылды,
туўды және,
Адамзаттың
мәканы
жерде болса,
Көз жарады
жулдызлар
қус жолында.

*1985-ж.*

## ЯЛҒАН ДЕЙМИЗ

(*баллада*)

### I

Бәҳәр,
Көкти найзағай жаўлап алды.
Даланы жаўын жуўып тынып қалды,
Қуяштан көз айырмай туңғыш рет,
Айқулақ,
Көкжийекте турып қалды.

Көзге түсти жап-жасыл майса бирден,
Ҳаўаны кус ҳаўазы тутты бир дем.
Әлле қандай кеўлимде йошлы сезим,
Ояткандай болдың ба,
Наўрыз—көклем?!
Сә-уғалмай жүргенде,
Өмирди мен,
Түсине алмай болдым таң,
Өзимди мен.
Қайданғана тап болдың,
Тулымлы қыз?—
Ақ терекги аралап суўға келген.

## II

Жаз еди.
Жүзиң жарқын, кеўлиң тынық,
Әтирапың көз тоймас бир сулыўлық,
Бир сулыўлық кеўилге уялады,
Қалайда—
Қыймас сезим, қыймас қылық.
Сетемшил,
Сергек нәзер, ынтығады,
Аттай туўлап жүреклер туншығады.
Ләбинде Абат жаптың қос қарлығаш,
Қанатлап—
Суўды сызып шарқ урады.

...Жасқадан суў алдың да иркилмедиң,
Шелегиңде суў күлди,
Сен күлмедиң.
Мениң сада сағира сезимимди,
Алып кеттиң,
Қайрылып сыр бермедиң.

## III

Гүз екени ядымда,
Дала қырда—

Селеў-қуўрай тағынды гүмис сырға,
Тыррыў-тыррыў тырналар қайтып ағыр,
Жер-көкти бийҳуш етип қосық жырға.
Аспан арыў жамалын көлде көрип,
Булт та шашын тарайды,
Көрик берип,
Нар қамыслар сыбызғы шалып турды,
Ырғатылған самалға ерик берип.

Жап жағалап паришан киятырсам,
Қуйды жаўын шелеклеп,
Урман-пурман—
Бүк астына тығылдым,
О, ығбалым,
Бир қысым боп жалғыз сен—
Күлип турсаң.

IV

Қыс.
Қылаўлы
Қыраўлы суўық турды.
Арасы Жер ҳәм көктиң жуўық турды.
Шымыры аяз қарпып әтирапты—
Түймедей—
Қуяш көзи күлип турды.
Ақ терек,
Ақ сезимниң қушағында,
Сылт етпес—
Қыял сүрип узақ таңға.
Соқпағыңа ақ мамық паяндоз боп,
Из түсирмей бүркейди қалың қарға.
Өмирдиң уғынбаған сырын еле.
Жас едик,
Өзи хожа,
        өзи төре,

Қыс айыплы болады енди неге,
Арамызда айралық аяз-желге?...

### V

Төрт мәўсим—
Төбе-төбе дарадағы,
Бүр ашып жер көркейди,
Бәҳәр тағы—
Сени мени сорағлап телмиреди,
Ақ терекли бүк жасқа
Сол баяғы.
Ол жерлерге бармадық,
Жазда өтти,
Гүз келип—
Үйрек сыңсып, ғазда өтти.
Кеўилимниң Қуяшы сорағлайды,
Баяғы Айқулақ қыз қайда кетти?
Ялған деймиз,
Өмирдиң неси ялған?
Қырпақ қақшып айнала тынып қалған.
Сениң мениң әрманым сыяқланып—
Айна көл—
Қар астында умыт қалған...

## ТҮН, БИР ЖУП ҚУС ҲӘМ АЙРАЛЫҚ ҲАҚҚЫНДА БАЛЛАДА

*„Бир сөз бенен ашна-ярым,*
*Бийгана болды нәйләйин“.*

*„Ғәрип-ашық“ дәстанынан.*

Бир жуп қусты көрдим тал шақасында,
Кеўлиме яд—аян отырысы да.

Сетем алмасын деп турдым,
Ҳаслында.
Ықласым кеткен соң жуғырлысына.

..Айлы ақшам.
Бәҳәр. Бағдың қушағы.
Бир жуп елес, ертектеги мысалы.
Шийрин-шийрин тиллеседи пинҳәмы,
Сырым алмасын деп
Әлле ким тағы.

Жапырақ саз шертип
Самал буйығар,
Өз ҳаўазын тыңлап қуслар тынығар,
Аппақ Айшатырға ықласы кетип,
Қас қағысып сансыз жулдыз жымыңлар.
Ўа, дарийғ.
Түн қызғаныш мәйин симирип,
Тақаты-тақ.
Ығбалына күйинип.
Көзгир алмай таң атқанша бақлады,
Сыр сақламай
Ишинде дық сақлады...
Күтти жигит.
Өтти бәҳәр селлетип,
Жаз да өтти,
Ышқы бағын шөллетип,—
Жигит күтти.
Казан урды гүллерди,
Қуслар өтти көктен сыцсып хошласып.
Күтти жигит.
Аяз қарпып қыс келди.
Ақшам жулдыз келди, ол қыз келмеди,
Қаралы түн сақ-сақ етип күледи,
Шуғыл исин тәнҳә өзи биледи...

Жигит күтер,
Жараланған жүреги,
(Шуғылға да усы емес пе кереги?)
Күтер байғус,
Тағдирине тэн берип,
Күтеди ол,
Қус қайтқанша күтеди.

...Бир жуп қус қонақлар тал шақасына,
Кеўли уғар сыр бар отырысында,
Сетем алмасын деп сығалап қарап,
Бар ықласын берер жуғырлысына.
Жигит жаны қустың тилин уғады,
Оған аян ашық—бүлбил пиғаны,
Сырым алмасын деп ғайбана кимсе,
Шийрин-шийрин сөйлеседи пинҳэми.
Айлы ақшам.
Бэҳэр, бағдың қушағы,
Олар сайрар ертектеги мысалы:
—*Аҳ, бизлер муҳаббет қурбаны,*
—*Яқ, бизлер қыянет қурбаны.*

## ЖАН ҲАЛАТЫ

*поэма*

*„Молла Ерим, сен оқығыл ашыпки Зийўар дэптерин“*

*Әжинияз, „Шықты жан“.*

### I

Жым-жырт. Үнсиз,
көк толы жулдыз.
—Неге жаным,
Тигилип қалдың?—

...Қанша жыллар, әсирлер өтип,
Жан ишинде муқаддес сезип,
Қәстерленген әдиўли туйғы,
Бийлеп алған миллионды, мыңды,
Ашық-машық—өмир татлы дем,
Ғәнийбет дем, бийбаҳа билсем,
Илаҳийда ҳәмде азада,
Дийдарласыў мәўрити тәнҳә.

Тәрк етпейди сейилин Ақшам,
Тақат етсе,
Келер атар...Таң.

Айҳәстели,
дәрт-кәстели Шам,
Сызатланып турғаны қашшан.
Тамған жулдыз,
Жаңғырмас,
Ҳаўаз.

Пәрўаналар пәрўана болар,
Тәғдири таң,
Отқа урылар,
Әлипшырўан.
Кербала шөли.
бәри, бәри...
тек ғәриптики.

Тас қараңғы,
Таң қараңғысы.
Шаҳсанем бар Шааҳббаз қызы,
Зулпы-зыя ҳәм қара көзи.

Тилла көшки,
Көкте қус жолы,
Әйлер Ғәрипти.

Арзығады, күтеди Ақшам,
Дийдар несиб.
Жетип қалар Таң

Уйқысы жок,
ҳәм Ғаўыққустың.
Сескенеси келеди талып,
Мәңги бахыт—келеди алып,
„Боз ат минген ярың келди дер,
Келди ярың, Таңың келди дер".

Қус уйқысын,
Қалай, ким қыйсын?
Буйығады ҳәтте жулдызлар,
Буйығады Ақ тал, мәжнүнтал.

Көз ашыўға уялар олар,
Ал жүзлери дуўлап қызарар.

Илаҳийда пәк ҳәм азада,
Ушырасыў мәўрити тәнҳә.
Ўапалы яр сөзинде турар,
Ўәдели ўақыт,
Ўәдеси—сәҳәр.
Жетип келди.
Жетип келди яр.
Қарасады.
Сағыныш.
Дийдар.
Таң ҳәм Ақшам. Ашық-машықлар.
Сезимлери қарысып барар.
...Ашықларды сыйдырмас пәлек,
Ашықларға Ўатандур—жүрек.

Жулдыз ағар,
Ҳаўаз жаңғырар.

Уяттан өртенип жанар Күн шығыс,

—Неге жаным,
Тигилип қалдың?
—Ҳал-ҳалатым.
Жан ҳалатымда
Өзегине от түскен дүнья.

* * *

О, муҳаббет, таң сәҳәрги қуяшым,
Зулмет түнниң серпип таслап сыясын.
Жан-дүньяма ғыжлаған нур қуйдың да—
Жүрегиме инам еттиң қыя-шың.

О, қыя-шың, намыс шыңы, ар шыңы,
Адамзаттың өлшем тасы—аршыны.
Ышқы отына қамалмаса жүреги—
Болар ма еди Байсын елдиң Баршыны.

Жаслық—бул яд. Әўладлардан теберик.
Жерди жарып шықпағанбыз көгерип,
Заманласым изгилерге ертеңги,
Не айтамыз?
Өстик деймиз не көрип?

Есте тутыў,
Еске алыў—өзи не?
Аққан жулдыз қозғаў салған сезим бе?
Яд етиў ҳәм ядқа түсиў—
Қүдирет—
Қулындағы шаққа қайта келиў-ме?

Туўылған жер, өскен ана топырақ,
Аўыл-алап—ата-мәкан, шаңарақ.
Көз ушында бир нәресте киятыр—

қустай сырғып,
сағымланып қулдырап.

Айдар қусым, дийдар қусым усы ма?
Гүбелегим,
Кел бөбегим қасыма,
Бахыт болып өзиң туңғыш қонғансаң,
Адамзаттың бах қонбаған басына.

Қулшынып кеп сыймай турсам қанама,
Жақын келип:—Рас танымадың ба?
Деди дағы, Күлди сада нәресте—
Билдим сонда,
Өзим екен сол бала.

О, балалық, пәк сағыйра пасылым,
Көз қумартып, желкилдеген жасылым,
Сени сонша сағынарман деп пе едим,
Изде қалған қанша мәнзил—асырым.

Аўыл десе, мен баяғы баламан
Қозы бағып, мал қайырған даладан,
Ескен самал айдарымды сағынып,
Қум-қыратлар гүл әшөкей усынған.

Билмеспен мен қандай тилсим сыр барын?
Аўыл десе, урқан атар қыялым,
Түн жамылып жулдыз бенен ақшамы,
Аймаманың ертегин тең тыңладым.

Соның бири ҳәзирдағы ядымда,
Аттай шапқан алтын бесик ҳаққында,
Туўылған жер алтыннан да ағласаң—
Бесик болған мына мениң бахтыма.

Кем болмасын қалмасын деп қатардан,
Палапандай әлпешлеген ата-анам,

Жоқ-жуқа ҳал,
Ол жыллардың жарасы,—
Жүрегимде тыртық болып сақланар.

Тал шыбықтай,
Жас еди олар, жас еди:
Ўақыт қатал,
Тәғдир қара тас еди.
Алып қайтқан қанлы урыстан
Жеңисти,
Кимсениң перзенти, кимниң атасы...

Жий-жийи анам айтып отырар,
Талай таңға татыйтуғын гәпи бар,
„Қырық жылдан соң жаңарады қазанда,
Елли жылда ел көркейип толысар“

## II

Шақаман тәреплерге шыққаның бар ма?
Көз қамастырып,
Наўрыздың ақша қарына.
Боздың аты боз-дә,
Қосберген өзектен Арпакөлге шекем,
Ат шапқан айтақыр—
Айтарың бар ма?

Қасқыр көрдим десең исенеди аўыл-ел,
Түлки көрдим десең исенеди аўыл-ел,
Қоян көрдим десең исенеди аўыл-ел...
Той десе қуўбас жумалағаны киби,
Жатып турып тақаты болмас,
Тайда туяқ қалмас...

Ярым ақшам аўған шамада,
Қар қуяды. Сылт етпес дала.

Ақша қар—қут, Наўрыздан дәрек.
Үшинши шақырымы болса керек—
Қораздың—қашшан еди баслағаны,
Қәне енди уйқының қашпағаны?...
Базар етер ким тапқан барын,
Қаңылтақ жонаға ертлеп атларын,
Аў-дузағы, тийекли қақпан,
Жай алады қазақы қаптан,
Қап-коржынды бөктерип қанжығаға,
Уўыс толы жүўерини де салып дорбаға,
Кими аннан,кими мұннан,
Кими тақтан, кими жуптан.
Әтирин келтиргенлер—
Қусын қондырып,
Из қуўып, сүрдеў қуўып.
Кими-я несиб деп, ермекке,
Тазы ма, көпек пе,
„Ҳал“ берип ийтке.
Қулласы айы оңынан туўып,
Басқа талаптан қол жуўып.
Гәси атлы, гәси пияда,
Аўыл-ел шығады сонарға.

* * *

Таң атпастан басланады,
Шаңарақтың ғалма-ғалы.
Кесек пеш от симирип,
Қуман қайнар төгилип.
Қатқан қыраў әйнекке,
Тем-тем еримекте.
Сонарға кеткен ағасы,
Саўынға кеткен апасы,
Балалар уйқысырап,
Көрпени теўип таслап
Аўнап-қуўнап жатады,

Саз берип таң атады.
Сүт әкелип анасы,
Писиреди, кулласы—
Жайып аппақ дәстурхан,
Қозды тартып ошақтан,
Әтештанға қояды,
Нан-шөрек қыздырады.
Қарашайын демлейди,
„Тур қарағым тур дейди“,
Маза кетер уйқыдан,
Хабар келсе тур-турдан.
Турағойың—шырағым.
Маңырап тур ылағың—
Түрип таслап гүўенин,
Анасына жибериң,
Кетпей турып падаға.
Қарда жаўған далаға,
Шарапаты Наўрыздың
Рысқалы аўыздың,
Шығып ғана қарай-ғой.
Турағой балам, тура-ғой...

„Мә-ҳәә“ дейди ылағы,
Селт етеди кулағы,
Уйқыдағы балалар,
Бирим-бирим оянар.

* * *

Қара-оның балалығына,
Күни кешегидей ядымда.
Үйинен суўырылып шықты да,
Жол алды ол бас аўған жаққа.
Әтирапы көз жетпес кеңис,
Қар қаплаған тақтадай тегис.
Ғорбаң-ғорбаң жүреди келип,

Қызық көрип, тамаша көрип,
Гүрпилдетип дизеден қарды.
Барар.
Аўыл узақта қалды.
Кетип барар, кетип барар ол,
Ал изинде сайрап қалар жол.
Қоябер бул балалық шақты.
Парықламас жақын-жырақты.
Асып кетти бираз жер демде,
Сексеўиллер өскен нәкенде—
Аппақ қарға көмилип атыр,
Мисли салтанатлы ақшатыр
Ертеклерден еситкени бар—
„Ақ шатырда—хан патша жатыр“.
Сондадағы шоршыўды билмес,
Сә, сескениў кәрине келмес.
Қорқыў деген сирә жоқ онда,
(Соң туўылған бул ой шамамда)
Сырдандай боз,
Сырдандай дала,
Көкте қуяш.
Жер аппақ ғана,—
Шағылысар.
Айнадай жалт-жулт,
Көз қамасар.
Дөгерек жым-жырт!
О, не деген сақый тәбият.
Ҳо, баратқан балаға қарап,
Бар ықласым аўып тур мениң,
Тәбияттың жаратылыстың,
Туп сағасы бир екенин шын.
Тасып гейде боламыз ҳәси,
Инсаныйлық демектиң ҳаслы,
Қолда бардың қәдирин билмек,
Қуяш. Жер. Суў.
Кишкене өзек.

Бағытынан жаңылмас-аў деп,
Атпаў керек ҳәттеки кесек.
Атпаў керек, аңды-қоянды,
Уўлы дейип зәрре жыланды—
Қуйрығынан басыў
билгенге—
Балта урыў өз өзегиңе.

Атпаў керек көз бенен оқты,
Атпаў керек сөз бенен оқты,
Тағы тереңирек ойласақ,
Адам тәбиятқа дос-инақ.

Анаў баратырған балаға
Неге таң боп қалдым буншама,
Жерден жеги қоян тапқандай,
Алып-ушып турыппан сондай?

... Елең етти көзи алдында,
Қус ушқандай болды ма, қайда?
Ҳайран болып гилт турып қалды.
Не нәрсе ол?
Ҳеш аңбай қалды.
Тағы елес.
Яқ, елес емес,
Ешки деўге, яқ ешки емес,
Байқасласа. Кийик ҳақыйқат,
Қарап турған көзи жаўтаңлап,
Қатып қалды, тапжылалмастан,
Қатып қалды, көз айырмастан,
...Сыран суўық еди музғала,
Қаяқтандур өткен қыстама?
Аўылдағы бир аңшы ғарры,
Кийик атып алып барғаны,
Бирден оның есине түсти,
Айнымаған өзи-түр—түси,

Сүўрет болып ядында қалған,
Жатса түслеринде қыйнаған,
Ойлар еди, өлгени жалған,
Дәл сол кийик алдында турған.
Үркек нәзерлери тайсалмай,
Қанша ўаққа тигилип услай,
Қас қақпастан, япырмай бала,
Бағысқаны еле ядымда.
Әлле неден сетем алдыма?
Яки жанарлары талды ма?
Бирден шапырасты нәзерлер,
Бирин-бири жоғалтты көзлер,
Тап көз бенен қас арасында,
Бир-биринен жазып қалдыда.
Шоршып түсти бала ҳәм кийик,
Алша түсти арадағы жик.
Шет-шебирсиз жатқан жазықлық.
Түпсиз зиндан, барады жутып.
Сырғып кетти. Кийик. Жан ҳалат.
Сағыйра тур өкирип-жылап.

* * *

Шақаман тәреплерге шыққаның бар ма?
Көз қамастырып,
Наўрыздың ақша қарына.
Боздың аты боз-дә,
Қосберген өзектен Арпакөлге шекем,
Ат шапқан айтақыр.
Айтарың бар ма!

Қасқыр көрдим десең исенеди аўыл-ел,
Түлки көрдим десең исенеди аўыл-ел,
Қоян көрдим десең исенеди аўыл-ел,
Кийик көрдим, —деди ол—
Ана байғус ҳә, дегенде исенбеди.

„Қаршадайдан журтты алдар сен бе“ деди,
Өжетлиги тутса тағы кетер үйден.
(Ол жыллары еки үйден бири мерген).
Сезди ана, шырағымлап алдарқатты,
Егил-тегил, нәрестесин сүйипатты...

„Жалаң аяқ жар кешип,
Қызыл аяқ қыр кешип...“
Үйиринен адасып
Баўыр ети-музласып,
Аяз қарпып-қаўжырап,
Еки бир көзи жаўдырап,
Жүрген шығар жарқылық,
Ай далада шарқ урып,
Көрдим дейип, шырағым,
Кийиктиң жалқы ылағын,
Айтагөрме сен ҳәргиз,
Кийик жалғыз, сен жалғыз,
Жалғыздың жаны қудайды;
Қуралайды,
қуўрайды,
Тәңирим тең жаратқан,
Қайтагөр балам ырайдан,
Лебиз шығар, жан шығар,
Аў-дузақ қурып аңшылар,
Еситсе балам, кисилер,
Кийикти қолға түсирер,
Алдыңда жатыр бийик таў,..
Кимиси атлы, ким жаяў,
Мергенлер шықса далаға,
Кийигиң аман қала ма?
Шалқып аққан жуп дәрья,
Жағалап қонған булманда,
Мыңсан түрли мақлуқ бар,
Мыңсан түрли қылық бар,
Ана қыр менен мына қыр,

Арасында ел жатыр,
Сонлыктан,
боз бозлайды,
Сырқырайды, сызлайды,
Мүриййбет сезер жүрегим,
Қабыл болғай тилегим,
„Айнанайын улымнан.
Бир нәрсе шығар бунымнан,
Тилден-көзден сақлаң “деп
Атаң талай айтқанды,..
Қайдан да кийик жүреди?
„Боз бузаўлар“ дер еди,
Берекет шығар елиме,
Қут шығар келген жериме,
Кийик деп айтып турғаның,
Шын болғай- дә, илайым.
Гезип жүрген дүз аңы,
Жақсылықтың нышаны.
Тис жарып жүрме бендеге,
Тис жарсаң болар деңгене,..
Тойып ғана алмына—
Қулыным Наўрыз гөжеге.
Шақаман тәреплерге шыққаның бар ма?
Көз қамастыра
Наўрыздың ақша қарына.

* * *

Аўыл деймиз,
Аўыл емес баяғы,
Ата-ананың қолда ҳаса таяғы,
Әўпилдетип ақлық сүйген,
Сүйиниши—
Айтың енди өзгермеген қаяғы?!

Қатар-қатар тал ырғалған салмадан,
Суў ишкенде кимниң мийри қанбаған.

Жора-жолдас,
қатар-қурбы қайдасыз—
„Гөкек“ бериң бүгинлиги қайтадан?
Төпбелеме—
Түлеп ушқан бир дүркин,
Жанарында тамшы емес от турсын.
Устазлардың қыраў шалған шашындай,
Сийрексипбиз—
Тәғдир неткен жексурын.

Өмир-ағыс,
Ушан дәрья мәўжирди,
Ким өринде,
Ким ығында көринди?..,
Я, илайым аўыл-елдиң бахтына,
Саў болғайсыз, тилегим сол ендиги.

Өмир—устаз ҳәр деминде сораглар,
Яднамасын бирим-бирим параглар.
Тут өзиңди Ҳүждан-айна алдына,
Сен ким един,
Ким болдың бил—танып ал?

III

Жаз. Бунша кербаз.
Бирақ мийзан түскен күнлер,
Дәслепки ҳәптеси анық август айының,
Суў десе адамның ети туршигер,
Ғарры-картаңлардың тилинде—
Ақиреп,
Сумбеле...

Даўыткөлдиң ултаны көринеди мийзан
суўынан.
Қуяш шашын жайып отырма деп қалдым.

Базары тарқамаған балықшылардын,
Аў саўмалап балық қараған қайықлар,
Аманат ғана шайқалып турар,

... Емге таптырмайды көл қусы.
Ҳәтте зоң ғарғаларда көзге түсе бермейди,
Қуяш шашын жайып отырған екен,
Оңым ба я түсимбе усы?
„Сууы қашқан жер жетим,
Қусы қашқан көл жетим,
Қуты қашқан ел жетим...“
Келе алмайман өзиме.

Әўелинде, абайламаған қусайман.
Алты айлық аўырыўдан турғандай
көрениш тартқан.
Әбшери қашқан,
Қазан урмай-ақ
Жүзлери запран—
Көзлери, көзлери...
Як, айта алмаспан,
Түпсиз бир оқпан.—
Кимсе.
Япырмай, ким болды екен бул өзи,
Жүрек жутқан,
Бунша умман бәтшағардың көзлери?
Қуяш неге шашын жайып отыр екен десем,
бир гәп бар қусайды-ай, мына кимседе.
Үш жасар улымдай,
маўқын басалмай,
Қулшынған,
Ышқынған жүрегим,
Қанасына сыймай сағынған жүрегим—
Мына шет-шебирсиз.
Ушы-қыйырсыз кеңислик деп,
Қарса айрылып қабынған жүрегим,

Дала десе,
тап болды бул оқпан көзлиге...

Дәслебинде,
дәслебинде байқамаған екен,
Сәл нәрседен алқынбай ма жүрек деген?
Аңы-ҳушы кетти мынаны көрип,
Еки оқпанда,
Еки өрмекши аў қурып
Жемтик күтип,
отыр жутынып.

Қуяш шашын жайып жылап отыр ма?
Шаққа тийген зәрбден туяқ сызламайма?
Неден безикти екен көлдиң қуслары?
Қайда кеткен қарағай саплы найзадай нар
қамыслары?
Қайда екен бул жағаның
Айға шапқан жолбарыслары?

Өрмекши ин қурған умманларға қарайман.
Өкиниш ин қурғаң жүрегимде—
Неликтен, неликтен?
Аспан асты бунша тарылған,
Қай нәрсениң заўалынан?
Өрмекшиге жем болар ма мениң жүрегим?
Жүрек жутқан кимсе өзгениң
жүрегине зәриў емес екен,
Неге дерсең?
Буны соң билдим.
Ғаўасат басланды жағада.
— Балық, балық ойнап атыр..,
Жерден жети қоян тапқандай,
Шаўып баратыр аламан.
„Мен аламан,
мен аламан...“

Толы журттың қылығына күйип-жанаман.
Жипек аўды айырды, балық жарқылық.
Шапшып жатты туўған жердиң төсинде.
Оңым ба, я түсим бе?
(Қашан туўған бул ой менде,
Билмеймен-ғой өзимде,
Сүйегиме сиңген ой ма,
қаным менен қарысып,
Туўған жердиң топырағы
буйырғай да түбинде!)

Балықпысан балық,
Қайырлап қалып.
Туўлап-туўлап жибереди,
Дәрьядай.
Қустай талпынды,
Қамыстай шайқалды,
Жолбарыстай ақырды ма дейсең,
Қулақларым питип қалды,
Енди-енди өзиме келген шығарман деймен.

Үш жасар улымдай келер оның қарамы,
Шыққыр көзим көрди,
Жүрегимди өкиндирген еки өрмекши,
Жүрегимди сескендирген еки умман,
Қазан урамай-ақ сыйқы запран тартқан
ҳарамы,
Қурдымға тартты,
қурдымға тартты.
Балықты...

Қуяш шашын жайып жылап отырған екен,
Өзиме келсем.
Туўлаған дәрьяны,
Шарқ урған қусты.
Жағалай өскен қамысты,

Айға шапқан жолбарысты,
Табарман қайдан.

Япырмай бала,
Жүрек жутқан умман көзли кимсе,
Жүрегимди неге,
Неге жутпады?
Үш жасар улымды неге еследим?
Көрип турып қырға шапқан балықты?

* * *

Жол-ауылдан алып шығып барады,
Жол-ауылға соқпақ болып тарады,
Бирақ мына ығбал деген гузардың—
Дусласыуы,
Дусласпауы гуманды.

Биз билмеген жаратылыс сыры көп,
Нәубәҳәрде көз жармайма гия -шөп,
Сел-сел қуйған нөсер жауын қойнында,
Қылтыйған көк
турар еди-ау дирилдеп.
Гүл көрсетер белис-белис қырларда,
Қызғалдақ гүл,
Жууада гүл,
Жуусан да,
Тууылған жер-аядай деп сүйсем де,
Сеннен өткен кеңислик жоқ дүньяда.

Пасыл өтер,
Бәҳәр қууып,
Жаз қууып.
Көк аспанда гезип жүрер ақша булт.
Шөл тамсанып аршын төсин көргенде,

Қәйтер еди,
шакмақ шағып жаўса булт?
Нур тамызып,
Күн төбеде турады,
Шық тамбастан,
Жер табадай қызады,
Қарақалпақтың туўған жерге ықласын,
Тәбиятта сынамақшы болады.

О, тәбият,
Меҳириң гүл,
Қәҳәриң тас.
Бирақ дағы садықлығың айнымас.
Сен айнысаң,
Сен айнысаң билмедим?
Адам айнып,
Адам болып жарымас..,

**IV**

Талап излеп үш туўысқан,
Айлы аспан астынан.
Тәрки әйлеп жолға шықты.
Киндик кескен ылашықты.
Бири дийхан,
бири шарўа,
Бири қумар еди аўға.
Күн көриси қәйткенде де.
Журттан алық еди зәрре.
Қандай мақсет, не-қыялда.
Талап етти бул сапарға?
Ким әзәзүл жолдан урған,
Ким үгитлеп, ким азғыртқан,
Маққарлық па,
мәпдарлық па?
Я ғарлық па,
я ғарғыс па?

Не ой менен қандай шайтан,
Бул сүргинди басқа салған?
Бул ылайсаң,
Бул сумлықтың,
Билмес ҳеш ким ақыбетин.
Ақыйырын..,
Жигитлерде,
Билмес еди, нәйлаж еди.
Жумбақ еди, түп дереги,
Бирақ олар қайыл еди.

... Тәғдийирдиң дегени ме?
Я ығбалдың жеңгени ме?
Қулласы олар сыр бермеди.
Егитилип, үгилмеди.
Яки шарбақ, я бах деди,
Артық бунда қалмақ деди.
Бар қысметти ишке жутты,
Сум пәлектиң басы қутлы,—
Соңы ўайран,
Соңы ҳижран,
Бул шийрин жан бес күн мийман.
Деседағы сүлдери шөп,
Иштеги дәрт жегидей жеп,
Сыйқы-сыяғы запран,
Гүлдей солып, шекти афған,
Қас қағымда нилдей айнып,
Үш қаналас елден тайып.
Шығып кетти.
журттан ерек,
Журттан бөлек,
талап излеп.
Изде қалды бир қыйтақ жер,
көз қыймас жер,
туўылған жер.
Қалды изде майса сабат,

жасыл жайлаў,
шексиз алап.
Дөңгелек көл қалды бозлап,
дөңгеленип,
көзин жаслап.
Нар қамысы қалды шуўлап.
үйрек үркип,
ғаз ғаңқылдап,
Қалды изде ата мәкан,
толайым журт,
халық баўырман.
Сегбир тартып кеткен сәри,
Қалар еди бәри-бәри...

Долы-дүўбақ тәбияттың,
Сыйқыры көп, сыры бисяр.
Көрип-билип адамзаттың—
Ақыл-ойы болар ар-сар.

Күн-түн жүрди,
түн-күн жүрди,
Саҳра, шөл-қырат асып
Қумлар жүрди.
Таўлар жүрди.
Қуйын жутып,
Бултлар басып.

Үш туўысқан, үш қаналас,
Қыймылдайды, қыр асады.
Үш туўысқан, үш қаналас,
Бир-бирине қарасады.

Қарасады,
Нуры семген,
Жанарлар аш, сырлы-пинҳам.
Қарасады,

Гуман менен
Қандай аяз, суўық адам?!

Нешше мәнзил-мәкан өтип,
Талықсыды,
тамсанады.
Ҳалдан тайып, димар кетип,
Басланады жан ҳалаты.

Сондадағы сыр алдырмас,
Ербең-ербең келер еди.
Сағы сынбай-шубҳа калмас,
Көйлеңкедей ерер еди.

Үш қаналас, үш туўысқан,
Алысар өз ойы менен,
Үш қаналас, үш туўысқан,
Танар еди ес-түсинен.

...Көз алдында елес-елес,
Бир қыймас жер турар еди.
Оңы да емес, түси де емес,
Ғайбана дус болар еди.

.., Көз алдында желкилдеген,
Жасыл майса, жасыл алап,
Өңы ма екен, түси ме екен,
Дусластырған ҳақ жарылқап?

... Көз оңында дөңгелек көл,
Самал шайқап турар еди,
Оңы да сол, түси де сол,
Аўға кетип барар еди.

Еки ағасы бир ат минип,
Қайтып кетти келген журтқа.

Не кешеди ҳалым дейип? —
Бул абынып отыр отқа.
Саўлап түсип көткен жулдыз.
Суўдыр-суўдыр ағып атыр.
Айдалада өзи жалғыз,
Жанын отқа жағып атыр.
Уйқы, яқ бир ғәлетий түс,
Қушағына алар еди,
Нақ төсине қонып бир қус,
Қанлы пәнже салар еди,
Қара түнек бир тунғыйық,
Қурдымына тартар еди,
Деми тынып,
қаны уйип,
Жүрек музлап қатар еди..

Айырылып ақыл-ҳүштан,
Барар еди жан алқымлап,
Барар еди үш туўысқан,
Жылт етти бир сағым-саңлақ.

Ессиз ғана тәғдирдиң,
Айдаўында болған сүргин,
Үш қаналас туўысқанның,
Шәшме-булақ кести алдын.

* * *

Сыңқ-сыңқ күлип шөл булағы,
Сонша назлы таўланады,
Периўза суў,
сырлы ағыс.
Сыңғыр-сыңғыр,
жырлы жағыс,
Қуяш нуры түскен сайын,
Желпип самал ескен сайын,

Сай-саланы сайран етер,
Көрген көзди ҳайран етер.

Қус атаўлы мәкан етип,
Сайрасада пиған етип.
Сан-салтанат қурар еди,
Мөлдиреп суў турар еди.

Мәнзил асып кийиклер де,
Тамсанысып суў ишпеге,
Келер еди,
Үркиў билмес,
Жәннет дейип,
жәннет емес,
Рәңбәрең гия-шөби,
Писип түскен жемислери,
Сақаўатлы сақый булақ,
Әтирапы көгис алап,
Соныңдай бир қыя-қырда,
Ойламаған адам бунда,
Тиришилик,
Өмир бар деп,
Қәпелимде дусласар деп,
Үш туўысқан усы жерге,
Сүре жығылса да бирге,
Жатқан еди естен танып,
Тула-бойы күйип-жанып,
Өтти, үш күн,
Өтти үш түн,
Генжетайы ашты көзин.
Суў ишти қанып шәшмеден,
Излеп екеўин дембе-дем.
Тапты,
көтерип басынан,
Ҳөлледи ләбин,
Соңынан—

Қосуўыслап суў уртлатты,
Еккиси ҳәм көзин ашты,
Турарға әттең диңке жоқ,
Жисми лаплап болып тур шоқ.
Генжесиниң хызмети
Ҳәммесинен асып түсти,
Гия-шөп жыйнап,
Түтетти,
Себеп салды.
Шыпа етти,
Бирим-бирим көтерди бас,
Үш туўысқан, үщ қаналас,
Гия-көктен гөрек етип,
Булақ бойын мәкан етип,
Күн көширди бир неше ўақ,
Қурбан ҳайт, деп тойса тамақ.

Үш туўысқан күтпегенде,
Тап болды сырлы гүзеге,
Суў тийинда жатқан екең,
(Аўзын мумлап жапқан екен)
Ортаға алып үшеўи,
Сындырғанда тас гүзени,—
Саў-ў етип төгилди жерге,
Нағыз алтын, ,
гүмис теңге.
Таңланысты үшеўи де,
Үнсиз тигилди бир демге.
Соң ҳаўлығып урман-пурман,
Пай алмақ болып олжадан,
Қол урды,
шайқас басланды,
Қырампыш...
Ақылдан азды...
Қәйтерсең,
Бул көзсиз инсан,

Қәтеликлер қылды мыңсан,
Әттең мына иси ушын,
Бийкарлаған,
Жетти пуштын,
Қандай жаза,
Не күтеди?
Ўа, дарийғ, жан түтигеди.
Сағымланып,
сызатланып,
Сыңсып,
Сыңсып сыңсып, ағып,
Булақ бозлап жатар еди,
Айлы әлем муң жутар еди.,.

* * *

Кеўил деген нарзан булақ көзи екен,
Мәңги бахый суў ышқында шөллеген,
Кеўил деген елеберин жанларым,
Айтылмаған,
Жазылмаған сөз екен.
Күндиз жумыс, ақшамы йош бийлейди,
Өмиримниң нар толқыны тербейди,
Асаў сезим,
Жүйрик қыял ҳәр қашан,

Өз үйирин жоқлап тыным бермейди.
Жулдыз жылжып;
Ай туўғандай он төрттен,
Сай суўыңда ай жамалын көрсеткен,
Дилбар ма елиң,
дийдар ма едиң,
дем бе едиң—
Жан сезимим,
Жан ҳалатым жылт еткен!?

*Нөкис—Вильнюс, 1988-жыл.*

## МАЗМУНЫ

Кеше ҳәм бүгин туўылған ойлар *(дүркин)* . . 3
Әсир менен дәртлесиў (*дүркин)* . . . . . . . 34
Алыс кеттим *(дүркин)* . . . . . . . . . . . . 47
Ялған деймиз (*баллада)* . . . . . . . . . . . 64
„Түн бир жуп қус...“ (*баллада*) . . . . . . . . 67
Жан ҳалаты (*поэма*) . . . . . . . . . . . . 69

*На каракалпакском языке*

**Шарапатдин Аяпов**

**ЛИРИКА**

*стихи и поэма*

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1990*

Редакторы *К. Ерназаров*
Художниги *И. Кидиров*
Худ. редакторы *К. Рейипназаров*
Тех редакторы *О. Жумабаев*
Корректоры *М. Бекбаўлиев*

ИБ 3836

Териўге берилген ўақты 23. 03. 90-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 21.08.1990 ж. Қағаз форматы 70x90 1/32. Типографиялық қағаз № 2. Әдебий гарнитура, кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 3,0 баспа табақ 3,51 шәртли баспа табақ, 3,99 есап баспа табақ. Тиражы 2000. заказы 400 Баҳасы 45 т.

„Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы,
К Маркс көшеси, 9.

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик комитетиниң „Правда" газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграф комбинаты. 742000. Нөкис қаласы, К Маркс көшеси, 9.

45 т.



Шарапатдин Аяпов 1954-жылы Шымбай районында туўылған. Ол 1971 жылы «Қарақалпақ» совхозындағы № 4 Ю. А. Гагарин атындағы орта мектепти питирген соң, Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетин (1980 ж) тамамлаған. Жас шайыр Ш. Аяпов «Қус жолы» қосықлар топламы ушын Қарақалпақстан Ленин комсомолы сыйлығының лауреаты (1987 ж.) атағын алыўға миясар болды.

Ол СССР Жазыўшылар аўқамының ағзасы.

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1990